**ИРОН ÆВЗАДЖЫ АХУЫРТЫ КОНСПЕКТ**

**ХИСТÆР КЪОРДЫ**



***«УАРЗ ДÆ БÆСТÆ, УАРЗ ДÆ ХЪÆСТÆ»***

*Хъомылгæнæг: Дзгойты Зæлинæ*

**НЫСАНТÆ:** - Ныффидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ нæ республикæйы тыххæй. Зæрдыл æрлæууын кæнын Ирыстоны тырыса, герб; цы нысан кæнынц тырысайы æртæ хуызы æмæ мысыры ныв гербыл. Ирон адæмы рагон дарæсмæ æркаст, иртасын дарæсы алы хай; дзырдтæ: ***разгæмттæ, къæртт къаба, ибкæ, риуы æгънæджытæ, хыз, уæлард, цухъхъа, бæрцытæ, хæдбынтæ, æфсæгготджын хæдон, худ, рон.*** Сабиты фæлтæрын ирон орнаменты элементтæ ныв кæныны. Сахуыр кæнын ирон æмбисонд ***«Райгуырæн бæстæ адджын у!»***.

- Рæзын кæнын сывæллæтты зæрдылдард, хъуыдыкæнынад, хъæздыгдæр кæнын сæ дзырдуат.

- Райгуырæн бæстæ куыд уарзой, сæрыстыр дзы куыд уой, сабиты уыцы хуызы хъомыл кæнын.

**ÆРМÆГ:** Ирыстоны тырыса, герб, ноутбук, проектор, экран, презентаци «Ирыстоны æрдз», куклатæ – чызг æмæ лæппу – ирон дарæсы, алы сабийæн дæр хъæбæр гæххæттæй лыггонд разгом кæнæ цухъхъа, хуызджын кърандæстæ; ирон фæндырдзагъды фонограммæ.

## АХУЫРТЫ НЫВÆСТ

**1. Æнгуылдзты гимнастикæ:**

*Иу, дыууæ, æртæ, цыппар, фондз –*
*Де´нгуылдзтæ ды банымайын зон!*
*Хæларæй æмæ фидарæй*
*Кæрæдзиимæ фидауæм!*

**2. Ирыстоны тыххæй зонындзинæдтæ фæлхатæн.**

- Сабитæ, абон мах ацæудзыстæм диссаджы балцыл нæ райгуырæн бæстæйыл. Уæ хорзæхæй, мæ фæрстытæн мын раттут дзуæппытæ:

- *Цавæр адæмыхатт стæм мах?*
- *Цавæр æвзагыл дзурæм?*
- *Куыд хуыйны нæ республикæ?*
- *Цавæр бæстæ у нæ республикæ?*
- *Ирыстоны сæйраг горæт куыд хуыйны?*
- *Мах кæм цæрæм, уыцы горæт та?*
- *Цавæр горæттæ ма ис ноджыдæр Ирыстоны?*
- *Ирыстоны хъæутæй кæцытæ зонут?*
- *Ранымайут Ирыстоны цæугæдæттæ.*
- *Цы зæгъæн ис Ирыстоны æрдзы тыххæй?*

*Экраныл æвдыст цæуы презентации «Ирыстоны æрдз».*

*Хъомылгæнæг æвдисы рæсугъд къопп, у ирон орнаментæй фæлыст. Систа дзы Ирыстоны тырыса æмæ герб.*

- Сабитæ, ай та цы у? *(Ирыстоны тырыса. Конд у æртæ хуызæй: урс, сырх, бур. Урс – уды сыгъдæгдзинад, сырх – хъæбатырдзинад, бур – фарн).*

- Уæд мæнæ ай та цы у? *(Ирыстоны герб. Ис ыл мысыры ныв. Уый нысан кæны райгуырæн зæххы хъахъхъæнæг. Мысыр у ныфсджын, хъæбатыр æмæ цæрдæг сырд. Йæхæдæг никæй бахъыгдардзæн, фæлæ бахъуаджы рæстæг æдасæй бырсдзæн знаджы ныхмæ).*

- Ирон адæм цæрынц Ирыстоны. Уый у сæ райгуырæн зæхх. Нæ Ирыстон у диссаджы рæсугъд! Ис нæм бæрзонд хæхтæ, тар хъæдтæ, уæрæх угæрдæнтæ æмæ быдыртæ, цъитиджын хæхтæ æмæ знæт дæттæ. Ирыстоны цæры бирæ æндæр адæмыхæттæ. Цæрынц хæларæй, лымæнæй, уымæн æмæ ирон адæм сты уазæгуарзон æмæ зæрдæхæлар æмæ алкæмæн дæр сæ зæрдæйы хорздзинадæй хай кæнынц.

**3. Улæфты минут.**

- Ныр та не´уæнгтæ аивазæм æмæ иу чысыл баулæфæм.

*Пурти зæххыл гæпп, гæпп, гæпп,*
*Æз йæ фæстæ – сæпп, сæпп, сæпп.*
*Уый мæ цурæй гæпп, гæпп, гæпп,*
*Æз йæ фæстæ – сæпп, сæпп, сæпп.*
*Уый мæ цурæй гæпп, гæпп, гæпп,*
*Æз йæ фæстæ – сæпп, сæпп, сæпп.*
*Уæд кæдæм лидзы тæргай?*
*Чи йын ахордта йæ хай?*
*Ратулæд фæлтау мæнмæ!*
*Ратул, о пурти, мæнмæ!*
*Мах фæхъазæм иумæ фаг,*
*Æз ызгъораг, ды – тæлфаг!*

4. **Ирон адæмы рагон дарæсмæ æркаст.**

- Мæ хуртæ, зæгъут-ма, чи уыдисты нæ рагфыдæлтæ? *(скифтæ, сæрмæттæ, алантæ)*

- Цы у нæ бон зæгъын уыдоны тыххæй, цавæр адæм уыдисты?

- Уыцы раджыйы замантæй нæм абон æрбацыдысты диссаджы уазджытæ!

*Куклатæ ирон дарæсы. Æркæсын сын сæ дарæсмæ, амонын дарæсы алы хай. Æмхъæлæсæй сфæлхатын дзырдтæ, стæй та – иугай. Бакусын дзырдты мырон ультурæйыл..*

- Цы ис зæгъæн ирон дарæсæй? *(У аив, рæсугъд, зæрдæ хъæлдзæг кæны йæ уындæй).*

- Кæд дардтой ахæм дарæс?

- Ныры заман кæм фенæн ис ахæм дарæс? *(ирон кæфтыты концерты, театры, кæнæ ма – ног чындзыл).*

5. **Ирон орнамены элементтæ ныв кæнын.**

- Зæгъут-ма, мæ къонатæ, цæмæй аивгонд æрцæуынц ирон дарæсы хæйттæ? *(ирон орнаментæй)*

- Æмæ ма ноджыдæр кæм фенæн ис уыцы нывæфтыдтæ? *(хæдзары дзаумайыл, стъæлттыл, фынгтыл, бандæттыл, скъæппытыл, мигæнæнтыл, бæгæныкъустыл…)*

- Уæдæ-ма сымах дæр бафæлварут, уæ разы цы гæххæттын разгæмттæ æмæ цухъхъатæ ис, уыдон саив кæнын орнаменты нывæфтыдтæй!

*Райхъуыст ныллæг фæндырдзагъд, сабитæ ныв кæнынц.*

6. **Æмбисонд Ирыстоны тыххæй.**

- Сабитæ, зæгъут-ма, куыд æмбарут ахæм ирон æмбисонд ***«Райгуырæн***

***бæстæ адджын у»***?

- Ирыстон у махæн нæ райгуырæн зæхх, нæ Фыдыбæстæ. Поэт Кочысаты Мухарбег афтæ фыста:

*Ды дæ мæ цин, мæ цардамонд,*
*Фыдыбæстæ, дæуæй*
*Мæнæн зынаргъдæр, адджындæр*
*Нæ уыди æмæ нæй!*

*Сабитæ иумæ дзурынц æмбисонд, стæй та – алчи хицæнæй.*

- Сабитæ, нæ абоны балц кæронмæ æрхæццæ. Уæ зæрдыл дзы цы бадардтат?

- Ирыстон у махæн нæ фыдæлты уæзæг. Дзырд мын раттут уæ райгуырæн бæстæ кæй уарздзыстут æмæ, куы рахъомыл уат, уæд кæй архайдзыстут нæ Фыдыбæстæйы æнæфыдбылыз æмæ хъæздыгдзинадыл!